
## नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*

# यहेजकेल : दर्शनक मनुख




*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Lazarus
Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: Ruth Klassen

*अनुवाद*: Ashish Paul



*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org




©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.




बहुत बरख पहिने, शक्तिशाली सेना यहूदाक उपर आक्रमण कएलक, आओर परमेश्वर बहुत लोकक बंधुआई में दास बना कऽ बेबिलोन लऽ गेलाह। अपन देश सँ बहुत दूर यहूदी सभ चेबार नद्‌दीक कछार पऽ रहैत छलाह। ओहि में सँ एक परमेश्वरक भविष्यवक्ता यहेजकेल छलाह।



एक रोज परमेश्वर यहेजकेलक एक दर्शन देलिन। परमेश्वरक महिमा एक चमकदार ईंजोत जकां उपस्थित भेल एक परिक रूप में जे एक जीवित प्राणी होयत अछि। हेर एक कऽ चारि मुख आओर चारि पंख रहिन। हुनका सभक उपर एक नीलम सँ जड़ीत सिंहासन छल, ओ रौशनी सँ भरल छल जेना कि चमकदार इन्द्रधुनष होयत अछि। जहन यहेजकेल ई देखलिन, ओ अपन मुँहक बल खैस पड़लाह।



3

परमेश्वर यहेजकेल सँ कथा करलखिंन्ह। हम अहाँक इस्त्राएलीक धियापुताक बीच में पठा रहल छी। हमर वचनक हुनका सभक बताबियोक किएक तऽ ओ सभ द्रोही भऽ गेल छथि" एक पाण्डुलिपि लऽ कऽ एकटा हाथ हमरा सभक बीच में उपस्थित भेल। एहि पाण्डुलिपि कऽ खा जययौक, परमेश्वर कहलिन, आओर जा कऽ इस्त्राएली सभक घर पऽ बाजियौक"। ई एकटा बड़ अजीब तरहक आज्ञा छल" मुदा यहेजकेल आज्ञाक पालन कएलिन, पाण्डुलिपि कऽ खा कऽ ओ गेलाह।




4

परमेश्वरक आत्मा यहेजकेलक बहुत दूर लऽ गेलिन जतो यहूदी सभ बंधुआई में रहैथि ई चाबेर नदीक कछार छल। सात रोजक लेल ओ ओतो बैसलाह जतो ओ सभ बैसल छलाह। ओ देख कऽ अचरज में पड़ि गेलाह। अऽ तब परमेश्वर यहेजकेलक पहरूआ बना देलिन। हुनका दुष्ट लोकक चैतएबाक रहिन जे परमेश्वरक आज्ञाक उलंघन नहि करू।



5



यहेजकेल बहुत अजीब सभ हरकत कएलाह जाहि सँ परमेश्वरक वचन हुनका सभ सन्मुख में स्पष्ट भऽ जाएक। ओ माठक एकटा पटिया पऽ यरूशलेमक रेखाचित्र खींचलिन भऽ सकैछ लोक सभ अपन कान्हाक दिस ताकैक जहन हुनक सामना एक शक्तिशाली सेना सँ यरूशलेमक आँस पास हुएन। ओ देखा रहल छलाह जे परमेश्वरक पवित्र नगर बड़ जल्दी नाश हुअ वला अछि।

6

इस्त्राएल कऽ उत्तरी गणराज्य परमेश्वरक आज्ञाक तीन सय नब्बे बरख घरि नहि माननलिन आओ यहूदा जे दक्षिणी गणराज्य छल चालीस बरख घरि हुनक आज्ञाक नहि माननलिन।





7


यह कारण छल जे इस्त्राएलक नाश कएल गेलिन, आओर यहूदा किएक बहुत जल्दी खसत। परमेश्वर यहेजकेल सँ कहलिन जे अहाँ एकट बायाँ हिस्सा में तीन सय नब्बे रोज रहु, अऽ तकरा बाद चालीस रोज घरि दहिना दिस रहू ताकि हुनका सभक हुनक पापक बरखक याद दियाबल जा सकैछ।





8



शायद लोक सभ अब ई सोचनाई
आरंभ कऽ देने रहैथि जे यहेजकेल
एक बड़ अनोखा मनुख छथि।
परमेश्वर जे कुछ कहलिन ओ सभ
करलिन। एक रोज ओ अपन बाल
काटि कऽ ओहि में सँ तेसर बालक
जरा देलिन। ई एहि बातक दर्शावैत
छल जे यरूशलेमक एक तिहाई
लोक बीमारी, आकाल, आओर जहन
बेबिलोनक सेना नगर पऽ आक्रमण
करतैक तऽ ओ सभ मारल जएताह।
9
यहेजकेल अपन बालक दोसर तीन हिस्साक लऽ कऽ तकरा
अपन तलवार सँ दबा देलिन। ई एहि बातक देखाबैत अछि जे
लोकक तीन हिस्सा दुश्मनक तलवार सँ मारल जएताह।
अंतिम तीन, कऽ यहेजकेल हवा में छीतरा देलिन। मुदा किछु
बाल उड़ि कऽ हुनक वस्त्र में रूकि गेल, एकर अर्थ भेल जे
परमेश्वर किछु लोकक बचा कऽ राखथिंन्ह, ई एहि बातक
संकेत छल
आओर हुनका
सभक वाचाक
भूमि में घूरा
देथिंन्ह।
10
सहासी भविष्यवक्ता लोकक बतौलिन जे
दिन धिरे धिरे खराबे भेल जा रहल अछि
ई निक नहि होयत जेना कि लोक सभ
आशा कऽ रहल छथि। लोक सभ
यहेजकेलक उपर बड़ क्रोधित
भेलाह मुदा यहेजकेल
परमेश्वरक वचनक
इस्त्राएलीक पुरनिया
सभक संगे बैसल छलाह,
परमेश्वर यहेजकेलक
एक दर्शन देलिन।
दर्शन में परमेश्वर
हुनका बालक
द्वारा उठा कऽ यरूशलेमक
मंदिर में लऽ आनिलन।
11
अऽ मंदिर में परमेश्वर हुनका धिरे धिरे चलय वला
वस्तुक देखौलिन अशुद्ध पशु, आओर मूर्ति सभ ई
सभ चीज तऽ परमेश्वरक मंदिर में नहि रहबाक चाहि।
12
परमेश्वरक छोड़ि कऽ अगुवा अगुवा सभ एहि सभ चीजक
आराधना कऽ रहल छलाह। परमेश्वर यहेजकेलक आओर एक
बातक देखौलिन जे हुनक महिमा मंदिरक छोड़ि कऽ जा रहल
अछि आओर ई नाश भऽ जएतैक। अऽ जहन दर्शन समाप्त
भेलेक, यहैजकेल एहि बातक इस्त्राएली सभक
बता
देलिन।
13
जतैक बातक परमेश्वर बाएजलिन ओ सभ बात सत्
साबित भेल। यरूशलेम तहस नहस कऽ देबल गेल।
बहुत लोक मारल गेलाह। जतैक यहूदी सभ बेबिलोन
में बंधुआई में छलाह जहन ओ एहि बातक सुनलिन
ओ सभ अभिभूत भऽ गेलाह, जँ परमेश्वर अपन
लोकक हमेशाक लेल छोड़ि देथिंन्ह।
14



मुदा परमेश्वर अपन भविष्यवक्ताक दोसर एकटा समाद देलिन। ओ यहेजकेलक एकटा भरल सूखल हाड़क घाटी में लऽ गेलिन ई खाली मनुखक हाड़ छल।
15


हे मनुखक संतान, कि ई हाड़ जीवित भऽ सकैछ , परमेश्वर यहेजकेल सँ पूछलिन। ओ कहलिन हे प्रभु परमेश्वर ई तऽ आँही जानैत छी। किएक तऽ सूखल हाड़ पुनः जीवित नहि भ सकैछ।
16



प्रभु कहलिन, एहि हाड़ सभ सँ भविष्यवाणी करू आओर कहू, हे सूखल हाड़ परमेश्वरक वचन सूनू!! अहाँ जीवित भऽ जाएब जहन जँ अहाँ आज्ञाक मानब, यहेजकेल एकटा कड़कड़ाहटक सोर सुनलिन। अहाँ कि सोचैत छी ई कि अछि ?
17


जहन भविष्यवक्ता हाड़क उपर देखलिन तऽ ओ अचरज में पड़ि गेलाह हाड़ सभ आपस में जौर भऽ कऽ ओहि में मांस जूटअ लागलैक।
18


बऽ तकरा बाद हाड़ पऽ मांस आएब गेलैक।
19


अऽ हाड़क उपर चमड़ा आएब गेलैक, मुदा ओहि सभ में स्वांस नहि आएल रहैक।
20

प्रभु कहलिन, हे मनुखक संतान भविष्यवाणी करू आओर कहू हे चारू दिसाक हवा हिनका सभ में सांस फूंक दियौक। जहनें ओहि सभ में सांस आएब जएतैक ओ सभ पुनः जीवित भऽ जएताह। जहन यहेजकेल ई कएलिन, हुनका सभ में सांस आएब गेलैक। ओ सभ जीवित भऽ गेलाह। अब एक महान सेना सँ घाटी भरि गेल।



21

परमेश्वरक मालूम रहिन जे यरूशलेमक तहस नहस भेलाक बाद जतैक यहूदी सभ बेबिलोन में छलाह ओ सभ अपना आप कऽ आशाविहिने बूझअ लागलिन। ओ यहेजकेलक दर्शनक माध्यम सँ एकटा समाद पठौलखिंन्ह। “ई हाड़ सभ इस्त्राएलक पूरा घराना अछि,“ परमेश्वर बाएजलिन। हम अपन आत्माक अहाँक नीज भूमि में स्थापित कऽ देब।



22

ई परमेश्वरक दिस सँ एक महान आशाक समाद छल, परमेश्वरक वाचा यहेजकेलक द्वारा सत् साबित भेल जहन बाद में यहूदी सभ अपन भूमि पऽ घूरि अएलाह। ओ सभ जानैत रहैथि जे प्रभु परमेश्वर हुनका सभक हुनक घर पऽ




23

## यहेजकेल : दर्शनक मनुख


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

## यहेजकेल

***ऋका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** 119:130

24




29 60

25

*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल ̈कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह ̈यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह ̈इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुाली (फाँसी) पर चढाअ ̈ल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ ̈ फेर द ̈सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल ̈कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आऔर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* यहुन्ना 3:16

26